# 2021- jıldıń yanvar-mart aylarında Qaraqalpaqstan Respublikasında tiykarǵı kapitalǵa investiciyalar




2021- jıldıń yanvar-mart aylarında investicion aktivliktiń páseygeni gúzetilip, tiykarǵı kapitalǵa ózlestirilgen investiciyalar kólemi ótken jıldıń usı dáwirine salıstirǵanda ósim páti 99,6 % ti quradı.

Jámi investiciyalar kóleminen, oraylastırılmaǵan qarjılandırıw derekleri esabınan qarjılandırılǵan tiykarǵı kapitalǵa investiciyalardıń úlesi, ótken jıldıń usı dáwirindegi úlesine salıstırǵanda 88,0 %, yaǵnıy 1230,9 mlrd. sumdı quradı.

Uyqas túrde, oraylastırılǵan qarjılandırıw derekleri esabınan qarjılandırılǵan tiykarǵı kapitalǵa investiciyalardıń úlesi, ótken jıldıń usı dáwirindegi úlesine salıstırǵanda 12,0 %, yaǵnıy 167,6 mlrd. sumdı quradı.



| Oraylastırılǵan qarjılandırıw derekleri esabınan investiciyalar dúzilisi, % te | | Ótken jıldıń usı dáwirine salıstırǵanda, % te |
|---|---|---|
| 0,0 % | Suw támiynatı hám kanalizaciya sistemaların rawajlandırıw fondı | 1,5 % |
| 6,0 % | Respublika byudjeti | 76,8 % |
| 1,8 % | Tikleniw hám rawajlanıw fondı | 135,7 % |
| 4,2 % | ÓzR kepilligindegi shet el kreditleri | 30,7 % |

| Oraylastırılmaǵan qarjılandırıw derekleri esabınan investiciyalar dúzilisi, % te | | Ótken jılıdıń usı dáwirine salıstırǵanda % te |
|---|---|---|
| 36,2 % | Kárxanalardıń óz qarjıları | 108,6 % |
| 12,6 % | Xalıqtıń qarjıları | 97,4 % |
| 16,7 % | Kepilliksiz shet el investiciya hám kreditler | 290,9 % |
| 18,0 % | Komercialıq bank kreditleri hám basqa qarız derekleri | 89,5 % |
| 4,5 % | Tuwrıdan-tuwrı shet el investiciyalar | 106,1 % |

*2021- jıldıń yanvar-mart aylarında kárxana hám mekemelerdiń óz qarjıları esabınan qarjılastırılǵan tiykarǵı kapitalǵa investiciyalar – 506,3 mlrd. sum yaǵnıy jámi tiykarǵı kapitalǵa investiciyalardıń 36,2 % in quradı. Xalıqtıń qarjıları esabınan jámi tiykarǵı kapitalǵa investiciyalardıń 12,6 % i yaǵnıy 177,6 mlrd. sumı ózlestirildi.*

*Tuwrıdan-tuwrı shet el investiciyalar esabınan ózlestirilgen investiciyalar kólemi 63,0 mlrd. sumdı qurap hám ótken jıldıń usı dáwirine salıstırǵanda 6,1 % li punktke kóbeyip, 4,5 % ti quradı.*

### *Tiykarǵı kapitalǵa investiciyalardıń qarjılandırıw derekleri boyınsha dúzilisi, mlrd. sum*






Sonıń menen birge, komerciyalıq bankler kreditleri hám basqa qarız derekleri esabınan 251,2 mlrd. sum (jámi tiykarǵı kapitalǵa investiciyalardıń 18,0 % in qurap, ótken jıldıń dáwirine salıstırǵanda 10,5 % li punktke kemeydi), Ózbekstan Respublikası kepilligindegi shet el kreditleri 58,9 mlrd. sum (4,2 % hám 30,7 % ti quradı), kepilliksiz shet el investiciya hám kreditler 232,8 mlrd. sum (16,7 % hám 2,9 mártege kóbeydi), Tikleniw hám rawajlanıw fondı 24,3 mlrd. sum (1,8 % hám 35,7 % li punktke kóbeydi), Respublika byudjeti 84,2 mlrd. sum (6,0 % hám 23,2 % li punktke kemeygen), Suw támiynatı hám kanalizaciya sistemaların rawajlandırıw fondı 0,2 mlrd. sum (ótken jildıń usı dáwirine salıstırǵanda 1,5 %) muǵdarında tiykarǵı kapitalǵa investiciyalar ózlestirildi.

*Tiykarǵı kapitalǵa investiciyalar ósiw pátlerin qarjılandırıw derekleri boyınsha eń joqarı kórsetkish kepilliksiz shet el investiciya hám kreditlerde gúzetilip, ótken jıldıń usı dáwirine salıstırǵanda 290,9 % ti quradı. Bunday joqarı ósimge tábiiy gazdi qazıp alıwǵa hám respublikanıń qubla rayonlarındaǵı egislik maydanların lazerli tegislew iri investiciya joybarları sheńberinde ózlestirilgen investiciyalar sebep boldı.*

*Sonıń menen birge, tuwrıdan-tuwrı shet el investiciyalar esabınan qarjılastırılǵan ivesticiyalar ótken jıldıń usı dáwirine qaraǵanda 6,1 % li punktke kóbeydi. Qaraózek rayonında sement islep shıǵarıwdı keńeytiriw, Ámiwdárya rayonında ósimlik mayin islep shiǵarıwdı jolǵa qoyıw, toqımashılıq ónimlerin islep shıǵarıwdı keńeytiriw boyınsha joybarlar investicion aktivlik penen anıqlama beriw múmkin.*

## Qarjılandırıw derekler boyınsha aymaqlar kesiminde tiykarǵı kapitalǵa investiciyalar

| | Jámi tiykarǵı kapitalǵa investiciyalar, mlrd. sum | sonnan: qarjılandırıw derekleri boyınsha | | |
|---|---|---|---|---|
| | | Respublika byudjeti | Kárxana hám mekemelerdiń óz qarjiları | Xalıqtıń qarjıları |
| **Qaraqalpaqstan Respublikası** | **1398,5** | **84,2** | **506,3** | **177,6** |
| Nókis q. | 365,8 | 49,4 | 173,8 | 22,2 |
| rayonlar: | | | | |
| Ámiwdárya | 70,2 | 0,1 | 7,6 | 14,3 |
| Beruniy | 72,2 | 1,9 | 17,7 | 29,7 |
| Bozataw | 7,3 | 0,8 | 0,2 | 1,0 |
| Qaraózek | 124,5 | 1,0 | 48,1 | 2,4 |
| Kegeyli | 30,7 | 1,0 | 9,1 | 9,0 |
| Qońırat | 141,7 | 1,2 | 48,7 | 8,9 |
| Qanlıkól | 33,7 | 0,8 | 10,1 | 7,6 |
| Moynaq | 83,9 | 8,6 | 20,0 | 5,7 |
| Nókis | 43,8 | 4,9 | 6,1 | 16,6 |
| Taqıyatas | 42,8 | 0,6 | 27,3 | 9,1 |
| Taxtakópir | 23,4 | 0,9 | 12,2 | 3,8 |
| Tórtkúl | 84,4 | 3,7 | 40,9 | 4,7 |
| Xojeli | 53,5 | 2,3 | 30,2 | 4,4 |
| Shımbay | 44,7 | 4,1 | 16,9 | 14,6 |
| Shomanay | 35,7 | 0,1 | 24,3 | 4,7 |
| Ellikqala | 140,2 | 2,8 | 13,1 | 18,9 |

| | *sonnan: qarjılandırıw derekleri boyınsha* | | | |
|---|---|---|---|---|
| | ***Shet el investiciya hám kreditler*** | ***Suw támiynatı hám kanalizaciya sistemaların rawajlandırıw fondı*** | ***Tikleniw hám rawajlanıw fondı*** | ***Bank kreditleri hám basqa qarız derekleri*** |
| ***Qaraqalpaqstan Respublikası*** | ***354,7*** | ***0,2*** | ***24,3*** | ***251,2*** |
| *Nókis q.* | *14,5* | - | *24,3* | *81,6* |
| *rayonlar:* | | | | |
| *Ámiwdárya* | *38,6* | - | - | *9,6* |
| *Beruniy* | *5,3* | - | - | *17,6* |
| *Bozataw* | *4,2* | - | - | *1,1* |
| *Qaraózek* | *59,5* | - | - | *13,5* |
| *Kegeyli* | *3,3* | *0,2* | - | *8,1* |
| *Qońırat* | *81,4* | - | - | *1,5* |
| *Qanlıkól* | *3,9* | - | - | *11,3* |
| *Moynaq* | *42,6* | - | - | *7,0* |
| *Nókis* | *10,0* | - | - | *6,2* |
| *Taqıyatas* | - | - | - | *5,8* |
| *Taxtakópir* | *3,3* | - | - | *3,2* |
| *Tórtkúl* | *2,8* | - | - | *32,3* |
| *Xojeli* | *1,5* | - | - | *15,1* |
| *Shımbay* | *0,4* | - | - | *8,7* |
| *Shomanay* | *3,2* | - | - | *3,4* |
| *Ellikqala* | *80,2* | - | - | *25,2* |

## *2021- jıl yanvar-mart aylarında aymaqlar boyınsha tiykarǵı kapitalǵa investiciyalar*

| | | *Ósim páti* | *Investiciyalar kólemi, mlrd.sum* | *Respublikadaǵı úlesi* |
|---|---|---|---|---|
|  | **Nókis qalası** | 139,0 % | 365,8 | 26,2 % |
|  | **Ámiwdárya rayonı** | 106,6 % | 70,2 | 5,0 % |
|  | **Beruniy rayonı** | 62,9 % | 72,2 | 6,3 % |
|  | **Bozataw rayonı** | 6,5 м | 7,3 | 0,5 % |
|  | **Qaraózek rayonı** | 112,5 % | 124,5 | 8,9 % |
|  | **Kegeyli rayonı** | 48,1 % | 30,7 | 2,2 % |

| | | *Ósim páti* | *Investiciyalar kólemi, mlrd. sum* | *Respublikadaǵı úlesi* |
|---|---|---|---|---|
|  | **Qońırat rayonı** | 124,0 % | 141,7 | 10,1 % |
|  | **Qanlıkól rayonı** | 127,6 % | 33,7 | 2,4 % |
|  | **Moynaq rayonı** | 229,6 % | 83,9 | 6,0 % |
|  | **Nókis rayonı** | 87,3 % | 43,8 | 3,1 % |
|  | **Taqıyatas rayonı** | 32,6 % | 42,8 | 3,1 % |
|  | **Taxtakópir rayonı** | 76,5 % | 23,4 | 1,7 % |







| | Ósim páti | Investiciyalar kólemi, mlrd. sum | Respublikadağı úlesi |
|---|---|---|---|
| Tórtkúl rayonı | 86,0 % | 84,4 | 6,0 % |
| Xojeli rayonı | 113,8 % | 53,5 | 3,8 % |
| Shımbay rayonı | 97,0 % | 44,7 | 3,2 % |
| Shomanay rayonı | 201,1 % | 35,7 | 2,6 % |
| Ellikqala rayonı | 74,6 % | 140,2 | 10,0 % |

Aymaqlar kesiminde tiykarǵı kapitalǵa investiciyalar ózlestiriliwi boyınsha ótken jıldıń usi dáwirine eń joqarı ósim páti 651,8 % ke ósip, Bozataw rayonında gúzetildi. Bul tiykarınan sharwashılıqtı rawajlandırıw ushın ózlestirilgen shet el kreditleri menen baylanıslı.

Sonıń menen birge, Moynaq rayonında hám joqarı ósim pátı gúzetilip, ótken jıldıń usı dáwirine salıstırǵanda 229,6 % ti quradı. Bunday nátiyjeni Uglevodorod qazıp shıǵarıw joybarı sheńberinde ózlestirilgen investiciyalar menen anıqlama beriw múmkin.

Shomanay rayonında tiykarǵı kapitalǵa investiciyalar kóleminiń ótken jıldıń usı dáwirine salıstırǵanda 201,1 % ti qurawı, tiykarınan toqımashılıq ónimlerin islep shıǵarıw quwatlarınıń iske túsiriliwi menen baylanıslı.

Respublikada tiykarǵı kapitalǵa ózlestirilgen investiciyalar kólemi boyınsha joqarı úles Nókis qalası – 26,2 %, Ellikqala rayonı – 10,0 % hám Qaraózek rayonında – 8,9 % gúzetildi.

**2021- jıl yanvar-mart aylarında investiciyalardıń ósim pátleri, % te**




***Tiykarǵı kapitalǵa investiciyalardıń texnologiyalıq dúzilisi***

- **56,8 %** — Mashina, úskene, inventarlar
- **36,5 %** — Qurılıs-montaj jumısları
- **6,7 %** — Basqa ǵárejetler

Qaraqalpaqstan Respublikası boyınsha tiykarǵı kapitalǵa investiciyalardıń texnologıyalıq dúzilisinde mashina, úskene hám inventarlarǵa 793,8 mlrd. sum investiciyalar ózlestirilgen bolıp, jámi investiciyalardıń 56,8 % in quradı, qurılıs montaj jumısları boyınsha 510,5 mlrd. sum (jámi investiciyalardaǵı úlesi 36,5 %) hám basqa ǵárejetlerge 94,2 mlrd. sum (6,7 %) ózlestirildi.

Aymaqlar kesiminde jámi tiykarǵı kapitalǵa investiciyalar kóleminde qurılıs-montaj jumıslarınıń úlesi boyınsha eń joqarı kórsetkish Moynaq rayonında gúzetildi – 69,3 % yaǵnıy 58,2 mlrd. sum.

Qurılıs-montaj jumıslarınıń úlesi boyınsha eń tomen dáreje Qaraózek rayonında gúzetilip, 15,9 % ti yaǵnıy 19,8 mlrd. sumdı quradı hám uyqas túrde, bul aymaqta mashina, úskeneler hám inventarlarǵa ǵárejetler boyınsha eń joqarı kórsetkish – 81,8 % yaǵnıy 101,8 mlrd. sumdı quradı.

***Tiykarǵı kapitalǵa investiciyalardıń tákirar islep shıǵarıw quramı***

**Jańa qurılıs- 33,2 %**

***Keńeytiw, rekonstrukciya, modernizaciyalaw-*** **33,2 %**

**Basqa jónelisler- 33,6 %**

*Ámeldegi esabat dáwirinde hám tiykarǵı kapitalǵa kiritilgen investiciyalardıń úlken bólegi basqa jónelislerge jóneltirildi. Basqa jónelislerge investiciyalar kólemi 470,1 mlrd. sumdı qurap, jámi ózlestirilgen investiciyalardıń 33,6 % in quradı.*

*Jańa qurılısqa jóneltirilgen investiciyalar kólemi 464,3 mlrd. sumdı qurap, jámi ózlestirilgen investiciyalardıń 33,2 % in quradı.*

*Ekonomikada ámeldegi obiektlerdi keńeytiriw, rekonstrukciya qılıw, modernizaciyalaw hám texnikalıq qayta qurralandırıwǵa jóneltirilgen investiciyalar 464,1 mlrd. sumdı qurap, jámi ózlestirilgen investiciyalardıń 33,2 % in quradı.*

## *Tiykarǵı kapitalǵa ózlestirilgen investiciyalardıń ekonomikalıq xızmet túrleri boyınsha dúzilisi*

*jámige salıstırǵanda % te*



## *Tiykarǵı kapitalǵa shet el investiciya hám kreditler*

*mlrd. sum*

| | Jámi | sonnan: | | |
|---|---|---|---|---|
| | | Tuwrıdan-tuwrı shet el investiciyalar | ÓzR kepilligindegi shet el kreditler | Kepilliksiz shet el investiciyalar hám kreditler |
| **Qaraqalpaqstan Respublikası** | **354,7** | **63,0** | **58,9** | **232,8** |
| Nókis q. | 14,5 | 5,2 | - | 9,3 |
| rayonlar: | | | | |
| Ámiwdárya | 38,6 | 38,6 | - | - |
| Beruniy | 5,3 | - | - | 5,3 |
| Bozataw | 4,2 | - | 0,1 | 4,1 |
| Qaraózek | 59,5 | - | 0,1 | 59,4 |
| Kegeyli | 3,3 | 3,2 | 0,1 | - |
| Qońırat | 81,4 | 13,4 | - | 68,0 |
| Qanlıkól | 3,9 | 2,3 | - | 1,6 |
| Moynaq | 42,6 | - | - | 42,6 |
| Nókis | 10,0 | - | 0,1 | 9,9 |
| Taxtakópir | 3,3 | - | - | 3,3 |
| Tórtkúl | 2,8 | - | - | 2,8 |
| Xojeli | 1,5 | - | - | 1,5 |
| Shımbay | 0,4 | 0,3 | 0,1 | - |
| Shomanay | 3,2 | - | - | 3,2 |
| Ellikqala | 80,2 | - | 58,4 | 21,8 |

Tiykarǵı kapitalǵa shet el investiciya hám kreditler esabınan ámeldegi esabat dáwirinde 354,7 mlrd. sum ózlestirilgen bolıp, jámi ózlestirilgen investiciyalardıń 25,4 % in quradı.

Shet el investiciyalar esabınan ózlestirilgen investiciyalar kólemi 63,0 mlrd. sumdı qurap, shet el kreditler esabınan bolsa 291,7 mlrd. sumı ózlestirildi.

## Ekonomikalıq xızmet túrleri boyınsha shet el investiciyaları hám kreditleri

**jámige salıstırǵanda % te**



**27,8 %**

*Awıl xojalıǵı*



**34,0 %**

*Taw-kán sanaatı*



**31,9 %**

*Qayta islew sanaatı*



**1,4 %**

*Xabar hám baylanıs*



**0,9 %**

*Elektr, gaz benen támiyinlew*



**3,1 %**

*Kótere hám usaqlap satıw*

**0,9 %**

*Basqalar*

*Investiciyalar hám qurılıs statistikası bólimi*

Baylanıs telefonı: *(61) 224-92-14*
*222-75-91*